

## Lis Verifikasyon pou Vwayaje An Sante

Men kèk konsèy enpòtan pou rete an sante pandan vwayaj ou a!


Pou plis enfòmasyon sou vwayaj aletranje: [wwwnc.cdc.gov/travel](http://wwwnc.cdc.gov/travel) oswa [www.headinghomehealthy.org](http://www.headinghomehealthy.org)

### Pandan vwayaj ou

#### ① Pran Medikaman ou

- ✓ Pran tout medikaman ou abitye pran yo lè w lakay ou.
- ✓ Pran medikaman kont malarya (si yo preskri w' li). Ou dwe kòmanse pran tout medikaman kont malarya **avan** vwayaj ou a epi kontinye pran yo **apre** ou retounen:

- |   |                                      |
|---|--------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Okenn                | <input type="checkbox"/> Doxycycline |
| <input type="checkbox"/> Atovaquone-proguanil | <input type="checkbox"/> Mefloquine  |
| <input type="checkbox"/> Chloroquine          | <input type="checkbox"/> Lòt: _____  |



#### ② Pwotèje tet ou kont ensèk Epi pa Kite Bèt Pike oswa Mòde w'

- ✓ Pa kite ensèk pike w' oswa mòde w'; itilize yon pwodwi kont moustik ki gen omwen 20% DEET.
- ✓ Mete chemiz manch long, pantalon long, soulye fèmèn, ak chapo, mezi li posib.
- ✓ Pa touche bèt ou pa konnen, menm si yo sanble yo pa yon danje.
- ✓ Al chèche swen medikal touswit si nenpòt bèt pike, mòde oswa grafouyen w'.



#### ③ Veye Kisa w' ap Manje

- ✓ Bwè bwason ki nan boutèy kachte epi evite itilize glas.
- ✓ Manje manje ki byen kwit epi ki sèvi tou cho.
- ✓ Lave men w' souvan oswa itilize yon pwodwi pou dezenfekte mer ou souvan.
- ✓ Si w' gen dyare ak fyèv oswa san, pran antibyotik kont dyare w' la epi al chèche swen medikal:

- |  |                                       |
|--|---------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Okenn         | <input type="checkbox"/> Azithromycin |
| <input type="checkbox"/> Ciprofloxacin | <input type="checkbox"/> Lòt: _____   |



#### ④ Sekirite Sou Wout ak nan otomobil

- ✓ Toujou tache senti sekirite ou.
- ✓ Mete kask nan tèt ou lè w' ap monte bekàn oswa motosiklèt.
- ✓ Veye sikilasyon machin nan tou de direksyon.
- ✓ Evite bis ak machin ki gen twòp moun.
- ✓ Evite kondwi pandan lanwit sou wout ou pa byen konnen.



### APRE VWAYAJ OU A

- ✓ Al chèche swen medikal si w gen yon fyèv pandan vwayaj ou a oswa apre w retounen.
- ✓ Fè swivi avèk yon pwofesyonèl ki bay swen sante si w te blese grav oswa si w te malad pandan vwayaj ou a.

### NÒT DOKTÈ:

---



---



---